

Pwogram Bous Detid Ekspansyon EdChoice (EdChoice Expansion Scholarship Program)

Fich Enfòmasyon pou 2024-2025

KISA PWOGRAM BOUS DETID EDCHOICE OHIO A YE (OHIO'S EDCHOICE EXPANSION SCHOLARSHIP PROGRAM)?

Pwogram Bous Detid Ekspansyon EdChoice la founi yon bous detid ke Eta finanse bay elèv K-12 yo baze sou nivo revni fwaye a. Bous detid a dwe itilize pou ale nan lekòl prive ki reponn ak kondisyon pou patisipasyon nan pwogram lan.


KILÈ YO PRAL AKSEPTÉ DEMANN EKSPANSYON EDCHOICE YO?

Peryòd demann lan pou pwogram **Bous Detid Ekspansyon EdChoice** la ap ouvri Fevriye 1ye, 2024, epi pral rete ouvri jiska Jen 30, 2025. Fanmi yo dwe kontakte lekòl prive k ap patisipe yo epi ranpli pwosesis enskripsyon/admisyon an pou lekòl sa a. Yon fwa yo fin aksepté elèv la pou enskripsyon nan yon lekòl prive k ap patisipe pou lotòn 2024 la, yo kapab aplike pou yon Bous Detid Ekspansyon EdChoice atravè lekòl prive k ap patisipe a. Lekòl prive k ap patisipe yo antre demann bous yo pou elèv yo atravè sistèm demann anliy sekirize a.

KILÈS KI ELIJIB POU EKSPANSYON EDCHOICE LA?

Ekspansyon EdChoice la se yon pwogram baze sou revni. Li bay elèv ki nan klas K – 12 yo opòtinite pou ale nan yon lekòl prive gratis oubyen a pri redwi. Pwogram sa ap ouvri pou elèv ki pa kalifye pou pwogram Bous Detid Cleveland lan.

Bous detid yo pou Ekspansyon EdChoice ap bay sou baz Revni Brit Ajiste (Adjusted Gross Income, AGI) yon fwaye familyal. Si revni fwaye fanmi an nan oubyen enferyè a 450 pousan Nivo Povrete Federal (Federal Poverty Level) la, yo pral resevwa montan bous detid maksimòm lan. Si revni fwaye fanmi an nan oubyen siperyè a 451 pousan Nivo Povrete Federal (Federal Poverty Level) la, montan bous detid elèv la ap redwi. Tablo anba a reflekte repatisyon montan an nan chak pousantaj Nivo Povrete Federal.



KI VALÈ BOUS DETID (SCHOLARSHIP) LA AP YE?

Bous detid maksimòm lan pou elèv yo nan klas K-8èm aktyèlman se \$6,166 epi \$8,408 pou klas 9èm-12èm ane. Montan chak elèv ap resevwa varye sou baz revni fwaye a. Montan [estime espesifik atribisyon yo](#) kapab jwenn nan fòmilè fèy kalkil sitwèb Depatman an.

NÒT: Nenpòt demann ki soumèt aprè Oktòb 14 2024, pral bay nan yon pworata dire ane lekòl ki rete aprè dat enskripsyon elèv la nan lekòl prive a.

ÈSKE PARAN/GADYEN YO DWE PEYE YON MONTAN LAJAN KÈLKONK?

Montan bous detid la ap sèlman kouvri frè eskolarite a. Paran ak/oubyen gadyen yo kapab gen obligasyon pou peye frè enskripsyon yo, frè materyèl yo ak lòt tip frè ki sanble yo. Fanmi ki kalifye pou estati fèb revni (nan oubyen enferyè a 200 pousan Liy Direktris Povrete Federal yo) pa dwe peye okenn frè eskolarite ki pa kouvri pa bous la. Si frè eskolarite lekòl prive a pi elve pase montan Bous EdChoice la epi fanmi an pa kalifye pou estati fèb revni an, fanmi an kapab gen obligasyon pou peye diferans lan. Verifikasyon revni an nesèsè chak ane pou fanmi ki ta renmen pou yo konsidere yo pou estati fèb revni an.

ÈSKE BOUS EKSPANSYON EDCHOICE LA KAPAB RENOUVLE?

Wi, bous detid la kapab renouvle chak ane jiska 12èm ane toutotan elèv la:

1. Pran tout evalyasyon ki rekòmande yo;
2. Pa genyen plis pase 20 absans non jistifye pou ane lekòl la; epi
3. Rete yon rezidan Ohio.

ÈSKE PARAN YO AK ELÈV YO TA DWE APLIKE POU YON BOUS LEKÒL EKSPANSYON EDCHOICE DABÒ OUBYEN APLIKE POU ADMISYON NAN YON LEKÒL PRIVE DABÒ?

Paran yo ak elèv yo dwe dabò aplike pou admisyon nan lekòl prive k ap patisipe a. Yon fwa yo te fin aksepte elèv la pou enskripsyon nan lekòl prive a, lekòl prive a ap soumèt demann bous lekòl la pou elèv la atravè sistèm aplikasyon anliy sekirize a.

KI ENFÒMASYON KI NESESÈ POU APLIKE POU BOUS DETID LA?

Paran yo pral bay lekòl prive a yon kopi akt de nesans elèv la, yon kopi prèv adrès aktyèl ak Fòmilè Demann Bous Detid (Scholarship Request Form) la pou aplike pou bous detid la. Enfòmasyon adisyonèl tankou kanè elèv la, yon lèt notarye, dokiman gad yo oubyen enfòmasyon sou plasman familyal yo kapab nesèsè pou detèmine elijibilite elèv la pou yon bous detid. Paran ki renouvle bous detid pitit pa yo dwe prezante yon kopi prèv adrès aktyèl la ansanm ak Fòmilè Renouvèlman Bous Detid (Scholarship Renewal Form) la.

REMAK: Anplis de aplike avèk lekòl la, nouvo kandida ekspansyon yo pral bezwen konplete pwosesis verifikasyon revni an. Verifikasyon revni an ap ochwa pou renouvèlman demann nan pwogram Bous Detid Ekspansyon EdChoice la. Fanmi k ap renouvle yo pa bezwen ranpli pwosesis verifikasyon revni an chak ane, amwens ke yo ta renmen fè yo rekalkile oubyen konsidere revni fwaye yo a pou montan alokasyon yo a pou estati fèb revni an. Nouvo kandida yo pa bezwen ranpli verifikasyon revni an si yo te gen yon frè oubyen sè ki avan sa oubyen aktyèlman sou yon Bous Detid Ekspansyon.

KÒMAN PARAN/GADYEN YO PRAL NOTIFYE SOU ESTATI APLIKASYON AN?

Apwobasyon kondisyonèl pou aplikasyon EdChoice yo ap bay nan espas senk jou aprè aplikasyon an fin soumèt nan sistèm aplikasyon bous detid anliy lan pa lekòl prive a. Lèt apwobasyon kondisyonèl la pral jenere ak founi bay paran/gadyen an pa lekòl prive a. Apwobasyon Kondisyonèl (Conditional Approval) se revizyon preliminè yon aplikasyon pou detèmine si elèv la elijib pou yon bous detid. Sa se pa apwobasyon final aplikasyon an. Enfòmasyon nan aplikasyon an pral revize nan espas 14 jou. Lekòl prive a pral jwenn notifikasyon nan espas 14 jou si yo te idantifye divès erè oubyen lakin. Tanpri kontakte lekòl prive a konsènan tout kesyon sou aplikasyon an. Bous detid yo pral bay selon yon kalandriye regilye epi yon lèt atribisyon ak yon fòmilè akseptasyon pral voye pa lapòs bay paran/gadyen an.

KI KOTE MWEN KAPAB JWENN PLIS ENFÒMASYON?

[Jwenn plis enfòmasyon](mailto:edchoice@education.ohio.gov) konsènan Ekspansyon EdChoice sou sitwèb Depatman an oubyen kontakte edchoice@education.ohio.gov.

Pwogram Bous ak Titora Cleveland ap toujou disponib pou rezidan Distri Lekòl Minisipal Cleveland la. [Jwenn plis enfòmasyon](#) sou pwogram Cleveland lan sou sitwèb Depatman an.

Depatman Edikasyon ak Mendèv Ohio (Ohio Department of Education and Workforce) pa diskrimine sou baz ras, relijyon, sèks, nasyonalite, laj, andikap, oubyen orijin etnik. Depatman Edikasyon ak Mendèv Ohio a se yon [patwon opòtinite ekilat \(equal opportunity employer\)](#) ak yon founisè [sèvis ADA](#). Avi sou [Non-Diskriminasyon](#) Depatman an ap aplike pou tout pwogram yo ak aktivite yo.

Gade Depatman [Politik Diskriminasyon Enfimite](#) and [Politik Diskriminasyon Pwosedi pou Plent](#).

Pou plis enfòmasyon sou avi sou non-diskriminasyon, vizite ocrcas.ed.gov/contact-ocr pou adrès ak nimewo telefòn biwo ki sèvi zòn ou an, oswa rele 1-800-421-3481..